



Office of the
Medicaid Inspector
General

Biwo Enspektè Jeneral Medicaid (Office of the Medicaid Inspector General, OMIG) Eta New York pwoteje entegrite pwogram Medicaid la nan anpeche ak detekte pratik fwod, move pratik, ak pratik ki pa itil anyen nan pwogram Medicaid eta a epi rekipere fon Medicaid yo mal depanse, pandan li ap ankouraje swen pasyan kalite siperyè.

Yon lidè yo konnen nan peyi a pami ajans entegrite pwogram Medicaid yo, jefò rekouvreman ak inisyativ kontwòl pri OMIG yo ekonomize plizyè santèn milyon dola kontribyab chak ane.

Rezidan New York yo kapab ede OMIG konbat fwod, gaspiyaj, ak abi nan denonse konpòtman oswa ensidan ki ka sispèk. OMIG ankouraje nenpòt moun ki wè ka fwod, gaspiyaj, oswa abi Medicaid pou kontakte liy dirèk kont fwod OMIG la. Konsèy yo kapab toutafè anonim—epi OMIG egzamine tout enfòmasyon yo rapòte yo.

Biwo Enspektè Jeneral Medicaid
800 North Pearl Street
Albany, NY 12204
(518) 473-3782

Fason fwod Medicaid afekte ou:



Fwod nan zafè swen sante se pa yon krim ki fèt san pa gen viktim.

Kontribyab yo: Menm estimasyon fwod ki pi ba yo nan zafè swen sante reprezante yon gwo chay sou do sistèm swen sante piblik la. Kontribyab yo nan Eta New York ak tout peyi a peye pri a.

Benefisyè yo: Lè yon pwofesyonèl swen sante bay manti sou kalifikasyon ak sèvis li yo, li kapab mete swen ou an danje. Lè yon doktè falsifye oswa egzajere yon dyagnostik, li ka ajoute yon maladi nan dosye medikal ou an ou pa menm genyen. Ou ka oblije fè operasyon ki pa nesèse oswa ki danjere, ou ka resevwa move tretman medikal, oswa kontaste ou itilize avantaj swen ou yo nèt.

Pwofesyonèl swen sante yo: Aksyon kèk pwofesyonèl swen sante ki malveyan yo fè kapab andomaje repitasyon pwofesyonèl swen sante ou fè konfyans ak respekte yo.

1-877-87-FRAUD

877-873-7283

www.omig.ny.gov

www.omig.ny.gov/medicaid-fraud/file-allegation



Office of the
Medicaid Inspector
General

Fason pou Denonse Fwod Medicaid nan Eta New York



Kathy Hochul
Gouvènè

Frank T. Walsh, Jr.
Enspektè Jeneral Pwovizwa
Medicaid

Facebook ak Twitter @nysomig



Office of the
Medicaid Inspector
General

Ede Kwape Fwod Medicaid

Men egzanj fwod pwofesyonèl swen sante yo fè:

- Lè yo aksepte kòb anba tab pou refere pasyan
- Lè yo fè detounman
- Lè yo preskri sèvis ki pa nesèsè sou plan medikal
- Lè yo faktire menm sèvis la plizyè fwa
- Lè yo faktire sèvis yo pa janm bay



Men egzanj fwod benefisyè yo fè:

- Lè yo ale kay plizyè doktè oswa nan sal dijans yo twòp pou yo chèche jwenn medikaman ki kontwole yo
- Lè yo pa deklare lòt asirans sante yo genyen
- Lè yo modifye bòdwo oswa resi yo
- Lè yo soumèt reklamasyon pou yon paran
- Lè yo deklare revni ki pi ba pase sa yo fè a pou yo pwouve yo elijib
- Lè yo resevwa kado oswa prim ann echanj pou itilize yon pwofesyonèl swen sante patikilye
- Lè yo prete yon lòt moun yon kat Medicaid

Men fason ou ka konbat fwod:

- Poze doktè ou an kesyon. Asire ou konnen ak konprann entèvansyon li fè yo.
- Rete okouran. Konsève dosye swen medikal ou a, epi byen egzamine tout deklarasyon medikal ou resevwa yo. Èske dat sèvis la kòrèk? Èske ou te benefisyè sèvis yo faktire ou yo?
- Pwoteje kat idantite Medicaid ou a menm jan ak yon kat kredi. Pa bay moun k ap vann depòtanpòt, demachè nan telefòn oswa sou Entènèt la nimewo kontra asirans yo.
- Fè atansyon ak òf sèvis swen sante, tès oswa tretman ki “gratis” ki souvan se magouy.
- Denonse fwod. Kontakte:

Biwo Enspektè Jeneral Medicaid

Bureau of Medicaid Fraud Allegations
(Biwo Akizasyon pou Fwod Medicaid)
800 North Pearl Street
Albany, NY 12204

877-87-FRAUD (877-873-7283)

Sou entènèt: www.omig.ny.gov

www.omig.ny.gov/medicaid-fraud/file-allegation

Lalwa pwoteje moun ki denonse fwod nan zafè swen sante yo

Si ou travay nan domèn swen sante a epi ou denonse fwod oswa abi Medicaid, konpayi ou an pa gen otorizasyon pou li pran okenn mezi kont ou.

Konpayi ki vanje kont anplwaye yo ap peye amann epi yo ka oblije peye salè ki pèdi, alokasyon ak frè jiridik yo. Yo ka re-entegre anplwaye ki revoke yo.

Rele Liy Dirèk kont Fwod OMIG la nan:

1-877-87-FRAUD (877-873-7283)

oswa sou entènèt nan: www.omig.ny.gov

